

Аслъэн и лъагъуэжьхэр

2-нэ нап.



ІэщІагъэ гъэщІэгъуэн зиІэ Жылэ Къантемыр

2-нэ нап.



ФэркІэ догушхуэ, допагэ

3-нэ нап.



«Хытхьэрыкъуэхэм» бжьыпэр ІэщІалъхьэ

4-нэ нап.


ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№118 (24.400) • 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 4, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ


Сэ сыхуейкъым дыщи мылъкуи, уэ уи жьэгу сыдэмысыжмэ...



4-нэ нап.

# ТрагъэкІуэдар хуапшыныжынущ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкlэ управленэм и унафэщІ Ащхъуэт Азэмэтджэрий сымэ.**



ЗЭІУЩІЭР теухуауэ щытащ цІыху гуп пыухыкІахэр мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм гъэкІуэнымкІэ УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа Указыр гъэзэщІэным пыщІа Іуэхухэм. Зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ дзэм ягъэкІуахэм я унагъуэхэм ядэІэпыкъунымкІэ ялэжьхэм, апхуэдэу армэм ираджахэр зыхуеину фащэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым.

Фигу къэдгъэкІыжынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу дзэм яша япэ гупхэр къулыкъу щащІэну щІыпІэхэм зэрынэсар.

КъБР-м и Іэтащхьэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ мобилизацэм ипкъ иткІэ дагъэкІхэр федеральнэ ІэнатІэм зэрыщыдаІыгъым къыдэкІуэу, абыхэм папщІэ социальнэ шэсыпІэ хэхахэр щІыналъэми къызэрыщызэрагъэпэщынум. Абы теухуа зыхуэфащэ Указыр республикэм и унафэщІым и сайтым иралъхьащ. Дзэм яша дэтхэнэ зыми республикэм къыбгъэдэкІыу мазэ къэс сом мин 25-рэ иратынущ. Республикэм щыщ дзэ къулыкъущІэр уІэгъэ хъуамэ, фэбжьым и хьэлъагъым елъытауэ сом мини 100-м щегъэжьауэ сом мин 300-м нэс хухах, хэкІуэдамэ - абы и унагъуэм сом 1 мелуанкІэ дэІэпыкъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпымыууэ къыщызэрагъэпэщ мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм ягъэкІуахэм я унагъуэхэм защІэгъэкъуэным хуэунэтІа Іуэхухэр.

«Пэжыр жыІэн хуейщ, пІэщІэгъуэ зэманти, зыхуей-зыхуэфІхэр къэщэхуным гъуэгу теувэхэм ящыщ куэдым езыхэм я ахъшэ трагъэкІуэдащ. Нэхъ япэкІи зэрыжысІащи, апхуэдэхэм я ахъшэр хуапшыныжынущ. А псоми къадэкІуэу, республикэм и хьэрычэтыщІэхэм жэрдэм къыхалъхьащ псоми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхум ахъшэкІэ къыхэувэну», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и унафэщІым муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм яхуигъэуващ мобилизацэм хиубыдэу дзэм ягъэкІуахэм я унагъуэхэм ядэІэпыкъуныр адэкІи къамыгъэтІэсхъэну, дэтхэнэ лъэІури къалъытэну икІи нэхъ хуэныкъуэхэм гулъытэ хэха хуащІыну.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щІыналъэм и егъэджакІуэхэм я ІэщІагъэм епха махуэшхуэмкІэ ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи ІэщІагъэм епха махуэшхуэмкІэ - ЕгъэджакІуэм и махуэмкІэ! ЕгъэджакІуэм и лэжьыгъэм мыхьэнэуэ иІэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Вбгъэдэлъ педагогикэ Іэзагъыр, акъылымрэ шыІэныгъэмрэ, апхуэдэуи фи ІэщІагъэм гурэ псэкІэ фызэрыхущытыр сэбэпышхуэщ къытщІэхъуэ щІэблэм щІэныгъэрэ ІэщІагъэрэ зрагъэгъуэтынымкІэ, я зэфІэкІхэм хагъэхъуэнымкІэ, гъащІэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьэнымкІэ, къэралым и къэкІуэнур зэрыхъунури фэлъытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ егъэджакІуэ Іэзэхэр. Абыхэм яхуэзэфІокІ урысей егъэджэныгъэм фІагъыу хэлъыр, зэманым къигъэув мардэхэри, бгъэдыхьэкІэщІэхэри, творческэ Іуэху зехьэкІэри абы щІыгъужу, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпын. ФІыщІэ ин фхузощІ зэфІэвгъэкІ лэжьыгъэ хьэлэлым, ІэщІагъэм епхауэ вбгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэм, фи гу хуабагъымкІэ сабийхэм фазэрыдэгуашэм щхьэкІэ. Зэгъусэу дэ тлъэкІынущ ди республикэм фІагъ лъагэ зиІэ егъэджэныгъэ къыщызэдгъэпэщын, сабийхэр ехъулІэныгъэщІэхэм хуэтшэфынущ, ди къэралми къидгъэхъуэфынущ хэкупсэ гъэсэныгъэ нэс зыхэлъ щІэблэ дахэ.

Си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, зэпэщыныгъэ фиІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди къэралымрэ яфІ зыхэлъ ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэрывгъэхьэну.

# ЩІэблэм я унэтІакІуэхэр

**Илъэс 55-м щІигъуауэ ди къэралым щагъэлъапІэ ЕгъэджакІуэм и махуэр. Егъэджэныгъэ ІэнатІэм и «пкъо» егъэджакІуэм ди къэралым гулъытэ лъагэ зэрыщигъуэтыр иужьрей лъэхъэнэм зыхэдмыщІэу къанэркъым. «Къэрал унафэщІхэм ялъэкІ псори ящІэнущ егъэджакІуэм и пщІэр жылагъуэм нэхъри къыщыІэта хъун папщІэ, абы къыдэкІуэуи езы егъэджакІуэхэми зыхащІэн хуейщ я пщэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэн къызэрыдэхуэр», - апхуэдэ псалъэхэр зи купщІэ гупсысэхэр УФ-м и Президентми Правительствэм хэтхэми щІэх-щІэхыурэ утыкухэм щыжаІэ.**

ЕГЪЭДЖАКІУЭМ и Іуэхухэр егъэфІэкІуэным, хуэфащэ увыпІэ жылагъуэм щигъуэтыжыным хуэгъэпса мурадхэр зы илъэскІи зэфІэха хъунукъым. Абы тещІыхьащ къэрал программэ хэхахэр. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, илъэс зыбжанэ лъандэрэ екІуэкІ, УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгъэхэр, къанэ щымыІэу, хуэгъэпсащ егъэджэныгъэ ІэнатІэм, абыхэм я ІэщІагъэлІхэм я Іуэхур дэгъэкІыным, я лъабжьэр гъэбыдэным, я пщІэр къэІэтыным. Апхуэдэ икІи нэгъуэщІ Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэхэм я фІыгъэкІэ хохъуэ ныбжьыщІэм ират щІэныгъэм и фІагъым, ар дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ мэхъу. А псом къадэкІуэу, цІыхухэм игъащІэми къыддекІуэкІ лъапІэныгъэхэр пхъумэну гугъущ, ахэр къытщІэувэ щІэблэм гурэ псэкІэ зыхебгъэщІэнри Іуэху тыншкъым. ЩІэблэм щІэныгъэ куу етынри гъэсэныгъэ екІу хэлъу къэгъэтэджынри зи къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ школ лэжьакІуэхэр. Ди егъэджакІуэхэр хущІокъу а къалэн гугъухэр тэмэму зэрагъэзэщІэным икІи ныбжьыщІэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм, творческэ Іуэхухэм дегъэхьэхынми, спортым жыджэру хэшэнми гулъытэшхуэ хуащІ.

Республикэм иджыпсту щылажьэ егъэджакІуэхэм я бжыгъэр мин 11-м щІегъу, абыхэм ящыщу процент 80-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ, мини 7-м категорие нэхъыщхьэ яІэщ, 200-м щІигъум «ЩІыхь зиІэ егъэджакІуэ», 600-м «Курыт щІэныгъэ егъэгъуэтыным щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэхэр зэрахьэ. Куэдым медалхэмрэ орденхэмрэ хуагъэфэщащ, щІэныгъэ зэхуэмыдэхэм я кандидатхэри ди мащІэкъым.

Зы гъи къанэркъым егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэным хухах ахъшэр нэхъыбэ мыхъуу. Ар хуаутІыпщ школыщІэхэр ухуэным, лажьэхэр зэгъэпэщыжыным, егъэджакІуэхэм я улахуэр къэІэтыным, ІэнатІэм технологие, методикэ пэрытхэр хэгъэхьэным, программэщІэхэр, тхылъыщІэхэр къэщтэным, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, лэжьыгъэм къыхэжаныкІхэр гъэпэжэным. Апхуэдэу ахъшэ мымащІэ хуаутІыпщ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгъэр гъащІэм хэпщэным.

Апхуэдэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ди егъэджакІуэхэр дапщэщи хущІокъу я пщэрылъ къалэн гугъухэр - щІэблэр гъэсэныр, егъэджэныр, цІыхухэм игъащІэми къыддекІуэкІ лъапІэныгъэхэр абыхэм гурэ псэкІэ зыхегъэщІэныр - тэмэму зэрагъэзэщІэным. Къэрал унафэщІхэри йолІалІэ егъэджакІуэхэм хуащІ пщІэм жылагъуэм щыхэгъэхъуэным. Къапщтэмэ, къэкІуэну 2023 гъэр яубзыхуащ ЕгъэджакІуэмрэ унэтІакІуэмрэ я илъэсу.

КъытщІэхъуэ щІэблэм я ехъулІэныгъэхэм телажьэ егъэджакІуэхэм дохъуэхъу я ІэщІагъэм епха махуэшхуэр угъурлы яхуэхъуну, ар Іуэхугъуэщlэхэмрэ жэрдэмыщІэхэмрэ лъэр яхущІэзыгъэкІыу къахущІэкІыну. Жэпуэгъуэм и 5-м хуэдэу гуапагъэрэ гулъытэкІэ гъэнщІа махуэ куэд гъащІэм щывиІэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Зэрыгушхуэм хуэдэщ

**Урысейм къыщыгъуэтыгъуейщ Налшык хуэдэу лъэс зекІуапІэ ехьэжьахэр щаухуа зы щІыпІэ.**

КУЭДЫР зэрыщыгъуазэщи, иужьрей зэманым яухуахэр 7 мэхъу, зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу. Къапщтэмэ, псоми къащхьэщыкІыу, ди къалащхьэм хъума щыхъуащ, уэздыгъэ нэхукІэ улъыхъуэкІи нобэ зыщІыпІи щумыгъуэтыжыну, пасэ зэманым хаса мыІэрысейхэмрэ кхъужьейхэмрэ. Щыхьэрым и лъэс лъагъуэхэр (скверхэр) щаухуэм, дизайнерхэм фІыщІэ яхуэфащэу, а жыгхэр къранащ, абыхэм уахэплъэн фІэкІа нэхъ хэмылъми, укІуэу зэбгъэлъагъу хъуну.

Ди дунеяплъэ цІыкІум къыщыщІэддзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум ехьэлІауэ ЗэгурыІуэныгъэмрэ Абхъазымрэ я утыкухэм я зэхуакум хуэзэу ящІа лъэс зекІуапІэмкІэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и лъэс зекІуапІэ» - аращ абы фІащар.

Ар лъэс зекІуапІэ къудей мыхъуу, нэгузыужьыпІэщ, сабийхэм я джэгупІэщ, къищынэмыщІауэ, цІыху ІэпщІэлъапщІэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щагъэлъагъуэ павильон дахащэ хэтщ.

Архитекторхэмрэ къэкІыгъэхэмкІэ дизайнерхэмрэ Іуэхум кууэ зэрегупсысар икІи я зэфІэкІ псори зэрырахьэлІар гурыІуэгъуэу, Іэхэлъахэм гъэпсыкІэ телъыджэ иратащ. БетонкІэ джафэу къигъэжыкІа лъэс гъуэгу нэшэкъашэ бгъуфІэр, адрыщІкІэ щыІэ бжьэпэ мылъагэ дыдэм носри, совет лъэхъэнэм лъандэрэ хъума хъуа асфальт гъуэгу цІыкІум хохьэж. Абдежхэм цІыху щызекІуэжу щытакъым, щІыпІэр зэрызэгъуэкІым къыхэкІыу. КъищынэмыщІауэ, утыкум щызэхыхьэ щэбэт - тхьэмахуэ жармыкІэм ибгъу къекІуэкІыр къуацэ-чыцэт, жыпІэнурамэ, итыргъуей къудейхэми зыри емыІусэу. Іуву зэхэкІыхьа щІыпІэм иджы ныбжьыщІэхэм лъакъуэрыгъажэкІэ хуиту къыщажыхь.

ЩІэрыщІэу къэунэхуа хуэдэщ нэм къиплъыхьыр; мывэкІэщхъ щыкъуей цІыкІу защІэу зэхэлъ лъагъуэ напщІэхэр, шэнтжьей теплъэ зиІэ тетІысхьэпІэхэр, джафэу зэщІэупса пхъэ ентІыр Іувхэмкlэ къэгъэувыхьа пшахъуалъэхэр, хъыринэ хъурей хъарышхуэхэр - псоми дымылъэгъуа щІэщыгъуагъ хэлъщ.

Нэгузыужьыпlэм и курыкупсэм хуозэ абджыпс защІэу къещІэкІа гъуазджэ гъэлъэгъуапІэр. Иджыпстукlэ абы фІэлъщ ди лъэпкъ фащэ, балъкъэрхэм я арджэныр, ІэпщІэлъапщІэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа хьэпшып зыбжанэ. Мы махуэхэм гъэлъэгъуапІэм и хъуреягъым удз гъэгъа зэмыфэгъухэр кърасэкІащ, дизайн Іэмал щхьэхуэм тету; гъэгъахэм екІупсу кІэщІасащ мэкъупІэхэм уэру къыщыкІ шэмэджгъэжьгъыжьгъыр, уащыхэплъэкІэ губгъуэр уи нэгу къыщІигъэхьэу.

Псоми хуэдэжкъым зыхуей хуагъэза щІыпІэм изу кърана пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр. Къуажэ хадэм уит хуэдэ, хьэрэмут кхъужьышхуэхэр, пасэрей мыІэрысэ кІыхьхэр, пхъэгулъ фІыцІэхэр жыг щІагъхэм щІэзу щІэлъщ, лъэ увыпІэ яІэкъым мейхэмрэ мэзкхъужьейхэмрэ я лъабжьэхэми. Дахащэщ ди лъэс зекІуапІэхэр!

**ЛЪОСТЭН Музэ.**



# Къэщкъэтау поликлиникэм ухуэныгъэхэр зэрыщекІуэкІыр къапщытэ



**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам зригъэлъэгъуащ Шэрэдж куейм щыІэ поликлиникэр зыхуей зэрыхуагъазэ щІыкІэр.**

«УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкІэ ухуэныгъэхэр егъэфІэкІуэн» щІыналъэ Іуэхум ипкъ иткІэ Къэщкъэтау дэт поликлиникэр къагъэщІэращІэ. Лэжьыгъэхэр зэфІэкІмэ зы жэщ-махуэм кърикубыдэу мыбы цІыху 350-м щеІэзэфынущ, Іэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщауэ поликлиникэ екІу хъужынущ.

Куей сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Рахаев Аслъэн министрым къызэрыжриІамкІэ, поликлиникэм и 3-нэ, 4-нэ къатхэр зыхуэчэм щымыІэу зыхуей хуагъэзащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр хэлъщ, унащхьэр зэрахъуэкІащ, лифтитІ ягъэуващ, котельнэри хьэзырщ.

Министрымрэ абы и къуэдзэ Къармэ Маратрэ къапщытащ дохутырхэм деж зэрызыщрагъэтх, «Госуслуги» порталым и лэжьэкІэр. Къалэбатэр апхуэдэу куей сымаджэщми щыІащ, цІыхухэм абы зэрыщеІэзэм зыщигъэгъуэзэн папщІэ.

Ухуэныгъэхэр щэкІуэгъуэ мазэм зэфІагъэкІыну траухуащ.

**ТАРИМ Алисэ,**
*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэ.*

# ГъущІ гъуэгур къагъэуэнут

**Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъум, Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым, Урысей МВД-мрэ Урысей лъэпкъ гвардиемрэ зэщІыгъуу къызэпаудащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт ІуэхущІапІэхэм щалэжьыну зыхэта щІэпхъаджагъэр.**

КъБР-м и Прохладнэ районым и Солдатскэ станицэм Ленин В. И. и цІэр зезыхьэ псыжапІэ кІэнауэм зэпрыкІ гъущІ гъуэгу лъэмыжыр къагъэуэнкІэ зэрыхъунум теухуауэ къаІэрыхьа хъыбарым и пэжыпІэр зэхагъэкІын Іуэху зэрахуэу, а щІыпІэм щаубыдащ гъущІ гъуэгур къызэрагъэуэнур щІэзылъхьэ цІыхуитІ, ІэщэкІэ зэщІэузэдауэ.

Ахэр яубыдыну яужь щихьэм, ІэщэкІэ къахэуэу хуежьати, тІури яукІащ.

Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэм лей къатехьакъым.

ЩІапхъаджагъэр къыщыхъуа щыпІэм деж, къагъауэ Іэмэпсымэм нэмыщІ, къыщагъуэтащ автомат, кІэрахъуэ, шэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

ЩІэпхъаджащІэхэм я зыр щыпсэум къыщІахащ къагъауэ Іэмэпсымэхэм я пкъыгъуэхэмрэ ахэр зэращІ Іэмэпсымэхэмрэ.

КъищынэмыщІауэ, яубыдащ щІэпхъаджащІэхэм япыщІари.

Уголовнэ Іуэхухэр къаІэтащ хабзэм къемызэгъыу Іэщэ, къагъауэ пкъыгъуэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ зехьэн щІэпхъаджагъэхэм теухуауэ.

## Ди къуэш республикэхэм

### ЛъэныкъуитІыр зэгуроІуэ

АБХЪАЗ. **АР-м и Президент Бжание Аслъэнрэ Урысейм и лІыкІуэу Абхъазым щыІэ Шургалин Михаилрэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ зэхуэзащ.**

АХЭР тепсэлъыхьащ дяпэкІэ къэралитІыр зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм икІи я зэпыщІэныгъэр нэхъ тынш зэращІыным теухуа Іэмалхэр яубзыхуащ. ЗэІущІэм хэтащ Абхъазым и вице-президент Гунбэ Бадрэ, Президентым и Администрацэм и УнафэщІ Нанбэ Жансэхъу, Урысей лІыкІуэм и чэнджэщэгъу Литвинов Максим сымэ.



### Пщащэхэр зэпоуэ

АДЫГЕЙ. **Республикэр 100 зэрырикъум ирихьэлІэу Мейкъуапэ щекІуэкІащ «Адыгэ пщащэ» дунейпсо фестиваль-зэпеуэр. Абы хэтащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Краснодар крайм къикІа пщащи 10.**

ХЪЫДЖЭБЗХЭМ я нэхъыфІыр къыщыхахым кІэлъыплъакІуэхэм нэхъыбэу гу зылъатар пщащэхэм я анэдэлъхубзэм и шэрыуагъырщ, къызыхэкІа лъэпкъыр зэрацІыхурщ, адыгэм и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зэращІэрщ. Апхуэдэуи зэпеуэм хэтахэм ягъэлъэгъуащ я ІэбэкІэмрэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрапщэфІыфымрэ.

Зэхьэзэхуэм хэта пщащэ псоми гулъытэ хэха яхуэфащэт, дэтхэнэри щапхъэу бгъэлъагъуэ хъун хуэдэу зэчиифІэхэт, Іэдэбхэт, шэрыуэхэт, жьакІуэхэт. ИтІани, зэпеуэ щыхъукІэ, кІэлъыплъакІуэхэр хэдэжри, япэ увыпІэр лъагъэсащ Адыгэ Республикэм щыщ, АКъУ-м и студент Гъубжокъуэ Миланэ, етІуанэ увыпІэр къиихьащ КъБР-м икІа Беслъэней Замирэ, ещанэр хэгъэрейхэм ящыщ ЩауэпцІэкъуэ Динарэщ.



**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэмкІэ, социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэмкІэ и саугъэтым теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхухэр, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекІуэкІ щІалэгъуалэ политикэр къэгъэлъэгъуэнымкІэ 2019 - 2021 гъэхэм нэхъыбэ зэфІэзыгъэкІа цІыху щхьэхуэхэм, абыхэм цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэри хэту, къэрал дэІэпыкъуныгъэ етын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм, социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэм папщІэ зыхуэфащэ ІэнатІэхэм ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэту 2019 - 2021 гъэхэм ятын папщІэ пщІы гъэувын дэтхэнэри сом 300000 хъууэ.
2. ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм, социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтым теухуа Положенэр мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу къэщтэн.
3. ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм, социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтхэмкІэ Совет къызэгъэпэщын.
4. ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм, социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтхэмкІэ Советым хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.
5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къэгъэувын:

цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэмрэ социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэмрэ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтым и лауреатым и дипломым и теплъэмрэ абы теухуа тхыгъэмрэ къащтэн папщІэ къыхилъхьэну;

цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм, социальнэ медиа ІуэхущІапІэхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтыр тыныр къызэрыхуэгъэфащэм ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхигъэкІыну.

6. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм фокІадэм и 28-м*
*№94-УГ*

● Дифl догъэлъапlэ

# Аслъэн и лъагъуэжьхэр

*Сэ нэхъыфІу Аслъэн къыщыс-цІыхуар маршруткэщ. Зы щІалэшхуэм адрейм хуиІуэтэжырт Адыгейм, абы и щІыпІэ пхыдзахэм зэрыщыІар.*

- Лъакъуэрыгъажэкlэ фыкІуауи? - и фlэщ мыхъуу щІэупщІащ и гъусэр.

- Лъакъуэрыгъажэкlэ, уэлэхьи. Шэч къытепхъэмэ, «Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэ Къумахуэ Аслъэн еупщІ - аращ ди пашэу щытар. Ар езыр апхуэдизкІэ жанщи, хузэфІэкІамэ, зэи машинэ жыхуаІэ итІысхьэнтэкъым.

Зэхэсхар телъыджэ сщыхъуат. Ди деж лэжьапІэ къызэрыуврэ куэд мыщІа Къумахуэмрэ сэрэ зы пэш дыщІэст, ауэ зы хьэлэмэтагъ гуэри дэслъэгъуатэкъым. Гуп яхыхьагъащІэхэм хуэдэу щтэІэщтаблэт, тхыгъэхэм елІалІэрт зэманышхуэ тригъэкІуадэу, къемыхъулІэри нэхъыбэт. КІэщІу жыпІэмэ, цІыху зэшыгъуэт. Иджы нэгъуэщІу къыщІидзыжат...

«Адыгэ псалъэм» ар къэкІуат лІыпІэ иувауэ. ІэнатІэ зыбжанэ зэрихъуэкІат: КъуэкІыпІэ Жыжьэм офицеру къулыкъу щищІат, физикэмкІэ егъэджакІуэу лэжьат, Бгы лъагэ институтым уэм пэщІэт и гупым хэтат, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом корреспонденту щыІат, уеблэмэ хьэрычэт щІэнми зрипщытат. Зы щІыпІи, мылъку къыщыхихатэкъым, ауэ гъащІэм зыщыпэщІэхуэ гугъуехьхэм пэщІэтыфу ягъэсат. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу ахэр мащІэу щытакъым, сэ жысІэфынукъым иджыпстуи тыншу псэууэ. Ауэ а псори къыщысщІар иужькІэщ.

- АтІэ, щхьэ утемытхыхьыжрэ уздэщыІахэм? - сеупщІащ занщІэу.

- Си мурадщ,- зиумысыжащ Аслъэн. - Мыдэ лэжьыгъэм нэхъ сыхэзагъэмэ, деплъынкъэ.

Мис апхуэдэу къэунэхуащ ди газетым еджэхэр фІыуэ зыщыгъуазэ «Адыгэ лъагъуэжьхэр» псалъащхьэр. Абы щІэту традзэ тхыгъэхэм Аслъэн къигупсысауэ зыри хэткъым.

Зэман дэкІри, Къумахуэр лэжьыгъэм хэзагъэ къудейкъым, атІэ газетым мыхьэнэ ин щызиІэ экономикэ къудамэм и унафэщІ ящІащ, редколлегием хагъэхьащ. Зызымыхъуэжауэ къыхуэнар ди лъахэмрэ ар зэрызэщІигъэхьэ лъакъуэрыгъажэмрэ зэрыдихьэхырщ. Хэбгъэзыхьмэ, язынекъуэхэм деж лъакъуэрыгъажэкІэ лэжьапІэ къокІуэ. ЩІэзэзэмызэм и щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкІхэщ: япэрауэ, а транспорт лІэужьыгъуэм уризекІуэным ди уэрамхэр хуэщІакъым, етІуанэрауэ, гъуэгупщІэм къыдигъахуэу къащыхъункІэ мэшынэ. А тІур нэхъыбэм щызэрыгъуэтыжыр бгы лъапэхэм щыкІуэкІэщ. Къумахуэм зы хущІыхьэгъуи къигъанэркъым и лъэр абыхэм къыщимыгъэхутэу. Щизакъуи къыхохуэ, ауэ нэхъыбэм езым хуэдэу зыплъыхьын зыфІэфІхэр зыщІегъу.

Арщхьэкlэ плъэгъуар къызэрыпІуэтэж щІыкІэми куэд елъытащ. Дэтхэнэ щІыпІэми езым и хъыбар, тхыдэ иІэжщ. Узытетхыхьхэм зэрахуэфащэу ар утыку къипхьэфын хуейщ бзэ шэрыуэкІэ икІи купщІафІэу. Ар Аслъэн къызэрехъулІэр псоми ди нэгу щІокІ. ЩІызгъужын къудейщ абы папщІэ щІыпІэцІэхэм я мызакъуэу, этимологиеми (псалъэхэм я къэхъукІар) ономастикэми (цІэ-унэцІэхэр къызытекІар), нэгъуэщІ куэдми хэпщІыкІын зэрыхуейр.



Езым, дауи, нэхъ къищтэнт, ауэ абы и лэжьыгъэм къызэщІиубыдэр «Адыгэ лъагъуэжьхэм» я закъуэкъым. Къумахуэр сыт щыгъуи япэджэжын хуей мэхъу ди газетым и пащхьэм къиувэ къалэн куэдым. Абы и лъэныкъуэкІи щІыхуэ къызытригъанэркъым. Дэ а псалъащхьэм и гугъу щІэтщІар ар Аслъэн и лэжьыгъэм и фІыпІэу зэрыщытым къыхэкІыущ. АтІэ, нобэ зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъу цІыхум ущытетхыхькІэ, ар къэбгъэлъэгъуэну игъуэ дыдэкъэ?

Апхуэдэу хъуащи, Къумахуэр къыщалъхуа махуэр мы гъэм ирихьэлІащ и зыгъэпсэхугъуэ мазэм. Си фІэщ мэхъу къызэрыдэкІыжу здэщыІа щІыпІэхэм (ар зэрежьам шэч къытесхьэркъым) гукъыдэжышхуэ иІэу я гугъу зэрищІыжынур икІи абыхэм щилъэгъуахэмрэ игу къэкІа гупсысэхэмрэ газет напэкІуэцІхэм зэрыщытепсэлъыхьыжынур.

Уи гъуэгур кІыхь хъуну дынохъуэхъу, Аслъэн!

**ШАЛ Мухьэмэд.**

# ІэщІагъэ гъэщІэгъуэн зиІэ Жылэ Къантемыр





● Щэнхабзэ

**Жылэ Къантемыр и закъуэщ ГИТИС-м и «Сценографие» къудамэр къиухауэ ди республикэм исыр. Ауэ щыхъукІи, абы и цІэр ди театр утыкухэм куэдрэ щызэхэпхынукъым, нэхъыбэу щылажьэр нэгъуэщІ республикэхэращи. Къантемыр сурэтыщІ Іэзэщ, дуней еплъыкІэ, лъагъукІэ гъэщІэгъуэн, щІэщыгъуэ зиІэ цІыху зэчиифІэщ. Жылэм иджыблагъэ зыхуэдгъэазэри и лэжьыгъэм, ІуэхущІафэм теухуауэ депсэлъащи, къыдджиІахэр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ.**

- ДЭБАГЪУЭ Роман хуэдэу тыншу сыздэлажьэ режиссёр иджыри къэс срихьэлІакъым, абырэ сэрэ ди Іуэху еплъыкІэхэр нэхъ зытохуэ, - жеІэ Къантемыр. - Иджыблагъэ «Невеста из Имеретии» гушыІэр (Константинов Владимиррэ Рацер Борисрэ) Избербаш щыдгъэуващ. Иджы етІуанэ Дагъыстэным драгъэблагъэ. Гъатхэ кІуам «Кровавая свадьба» пьесэм (Лорка Гарсия) къытращІыкІа спектаклыр Дербент щыдгъэуващ. Балъкъэр театрым Айтматов Чингиз и ІэдакъэщІэкІхэм ящыщ утыку къыщитхьащ. Ар зэрыдгъэувар куэдым ягу ирихьри, къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм я театр зыбжанэм Дэбагъуэм сэрэ драгъэблэгъащ.

Куэдым къалъытэ спектаклыр сценэм щызыгъэув художникымрэ режиссёрымрэ я къалэныр тыншу. Пэжщ, куэдым а къалэныр тыншу ящІэ, ялэжьышхуэ зэрыщымыІэм къыхэкІыу. Спектаклым и щІагъыбзэр утыку цІыкІу къибгъэзагъэу, сценэр абы теухуауэ къызэбгъэпэщыныр тыншкъым, псом хуэмыдэу мылъкур щебзыхьэкІам деж. Спектакль къэс ди лъэпкъым зыгуэркІэ епхауэ щытын хуейуэ зэрыжаІэр сфІэщыуагъэщ (ар куэдым къыдаІуэкІ). Ди щэнхабзэм имызакъуэу, адрей лъэпкъхэм ейхэри зэдгъэцІыхупхъэщ. СызэреплъымкІэ, дунейм лъэпкъыу тетым я щэнхабзэм нэІуасэ зыхуэпщІыныр зыужьыныгъэм и гъуэгущ. Лъэпкъым ухуэщхьэпэнумэ, дунейм зыдэужьи щІэныгъэ, ІэщІагъэ, гупсысэ зэгъэгъуэти, къыхуэгъэсэбэп. Сэ апхуэдэущ сызэреплъыр.

**- Уи интервьюхэм язым театрхэм ущылэжьэну ухуэмеижу щыжыбоІэ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?**

- Уздэлажьэхэм куэд елъытащ. Театрыр гуп лэжьыгъэщ. Ди республикэм и театр сыздэлажьэхэм ящыщу Музыкэ театрым ди зэфІэкІ, гупсысэ къыщыдгъэлъэгъуэну Іэмал нэхъыбэ щыдиІэщ.

Ди лэжьыгъэм куэдым дыхуегъасэ, псалъэм папщІэ, дэ зедгъэсащ мылъку куэд темыкІуадэу спектакль дгъэуву. Ауэ дгъэува спектаклхэр утыку къыщрахьэкІэ зэи сеплъыркъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, сщІэну сызыхуеямрэ зэрыхъуамрэ (щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ) зэи зэтехуэркъым. Ар дунейм къытехьэн хуей сабийр нықъуэдыкъуэу къызэралъхунур ипэ иту пщІэным хуэдэщ.

**- Апхуэдэу щытми, театрхэм уадолажьэ.**

- Пэжщ, сэ театрыр фІыуэ солъагъу, ауэ абы сызэрыхуейм хуэдэу сыщылэжьэну Іэмал сызэримыІэр нэгъуэщІ Іуэхущ.

**- Уи адэ Жылэ Анэтолэ куэдым фІыуэ яцІыху сурэтыщІ Іэзэщ. Абы и лэжьыгъэхэр къызэрыпщыхъум, уи гъащІэм щиубыд увыпІэм я гугъу къытхуэпщІамэ арат.**

- Си адэращ мы ІэщІагъэр фІыуэ сэзыгъэлъэгъуар. Абы и лэжьыгъэхэм щыщ щІэлъщ си лъэщапІэм. Гу лъозгъэтэнщи, нэхъыфІу слъагъур мо жьантІэм фІэздза бжэн удзыфэрщ. Сыщымыуэмэ, ар си адэм пщІыхьэпІэу илъагъуу итхыжа сурэтщ.

**- «GOgen» фІэщыгъэм щІэту бгъэлажьэ сурэтыщІ студием и гугъу къытхуэпщІыт.**

- Сурэт щІыным си деж къакІуэурэ хуэІэижь хъуауэ, сурэтыщІ хьэзыру цІыхуитху сиІэщ. Ахэр я ІэщІагъэкІи щІэныгъэкІи зэщхькъым, ауэ сурэт щІыным къызэрымыкІуэу дехьэх.

«Унагъуэ тхьэмыщкІэм сабий бейжь къыщалъху» жыІэгъуэр хуабжьу сигу ирохь. Дэ дызэрыцІыкІурэ цІыхухэм захэдгъэгъуащэу, зыкІи закъыхэдмыгъэщу дыпсэуну дыкъыхураджэ. Ар щыуагъэщ. ЦІыхур цІэрыІуэ, къулей зыщІыр зыми емыщхьу хэлъ щхьэхуэныгъэхэрщ, абыхэм зэрызригъэужьырщ. Арыншамэ, бэм яхэкІуэдэнущ. Сэ си деж зыщызыгъасэхэр я гупсысэ, щхьэхуэныгъэ щымышынэу къагъэлъагъуэу изогъасэ.

Си деж къэкІуэн щІэзыдзэхэм занщІэу сурэтыщІ бэлыхь къахэкІыну щыгугъ яхэтщ, сурэтыщІ цІэрыІуэ, Іэзэ хъуахэм я лъагагъым унэсын папщІэ узыпхыкІын хуей псоми щымыгъуазэу. Абы папщІэ цІыху къызэрымыкІуэу ущытын хуейщ. Ауэ цІыху къызэрымыкІуэхэр жылэм зэи яхэзагъэ хабзэкъым (абыи ухуэхьэзыру щытыпхъэщ). ЕтІуанэрауэ, егъэлеяуэ лэжьакІуэшхуэу ущытын хуейщ. Дэтхэнэ зыми и гум хъуапсэ илъщ творчествэ лІэужьыгъуэ гуэрым и зэфІэкІ щеплъыжыну. НыбжькІэ зэщхьэщыкІыу си деж цІыхухъуи цІыхубзи къокІуэ, мылъкурэ былымкІэ къахуэт щымыІэу. Къахуэтыр сыт? Я сабиигъуэм зыщІэхъуэпсу я адэ-анэм къыхуамыгъэдэха ІэщІагъэм я зэфІэкІ щеплъынырщ. Апхуэдэхэр мащІэкъым.

Языныкъуэ адэ-анэм я быныр зэрапІыр умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым. Куэдым къащохъу ахэр гъэсэн хуэмейуэ, школымрэ телефонымрэ яку дэткІэ Іуэхур зэфІэкІыу. Си деж къакІуэ сабийхэм сопсалъэ, щхьэж игу ирихьымрэ иримыхьымрэ зэхызогъэкІ. Зы сурэт зэщхьу ящІкъым икІи ящІакъым си гъэсэнхэм, щхьэж и гум нэхъ пэгъунэгъу гуэр ещІ. Иджырей щІалэгъуалэм я нэхъыбэр къузауэ къохъу. АбыкІэ къуаншэр адэ-анэращ. Сабийм игу илъыр къиІуатэу езгъэсэным тхьэмахуэ бжыгъэ щытезгъэкІуадэ щыІэщ. Ауэ ар хэмыту лэжьыгъэр къыдэхъулІэнукъым.

**- Уи студием фІэпща цІэр къызытехъукІам дыщыбгъэгъуэзэн.**

- Gogen сурэтыщІ цІэрыІуэм и цІэр си студием фІэсщауэ къызыщыхъу щыІэщ. Хьэуэ, мыбы и цІэр зэпызгъэуvауэ аращ. Go-псалъэм лажьэ, щІэ къокІ. Gen псалъэм къикІыр псоми къыдгуроІуэ. Студием и щыІэкІэр дяпэкІэ схъуэжыну си мурадщ. ГъащІэм куэдым зыщехъуэж, абы дэщІыгъуу зыдмыхъуэжу хъунукъым. Онлайн жыпхъэм диту дылэжьэнущ къэблагъэ зэманым.

**- Тхылъ еджэн зэрыпфІэфІыр сощІэ...**

- Дунейпсо гъуазджэр е лъэпкъ щхьэхуэхэм я псэукІэр къызыхэщ литературэр къызэрымыкІуэу сфІэфІщ. Псалъэм папщІэ, тхакІуэ псоми къахызогъэщ Габриэль Гарсиа Маркес. Абы и «100 лет одиночества» романыр зыпэсщІ щыІэкъым. КъищынэмыщІауэ, фантастикэр.

*Епсэлъар* **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

**Дэрбзэр, модельер Сэралъп Мадинэ и Артцентрым щызэхэтащ «Симфония Кавказа» щэнхабзэ Іуэхур къызэрырагъэжьэрэ илъэсипщІ зэрырикъуам теухуа пресс-конференцэ.**




# Кавказым и макъамэхэр

«СИМФОНИЯ Кавказа» лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэ щэнхабзэм и альбом-антологие телъыджэщ. Абы къызэщІеубыдэ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я композитор 30-м нэблагъэм я Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъи 100-м щІигъу. Къапщтэмэ, апхуэдэхэщ Глинкэ М., Алябьев А., Танеев С., Балакирев М., Мосолов А., Прокофьев С., Ряузов С., Мурадели В., ХьэІупэ Дж., Балэ М., Османов Н., Къардэн Хь. сымэ, нэгъуэщІхэми я лэжьыгъэхэр.

2012 гъэм, Налшык къалэ администрацэр и дэІэпыкъуэгъуу, «Симфония Кавказа» музыкэ проектым иужь ихьащ. Абы елэжьащ Урысей Федерацэмрэ Санкт-Петербургрэ я Композиторхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, композитор, пианист Къэбэрдокъуэ Муратрэ радиожурналист Теувэжыкъуэ Марианнэрэ.

Зи гугъу тщІа макъамэхэр симфоние оркестрым игъэзэщІэным елэжьар Ленинград областым и «Таврический» симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІ икІи и дирижёр нэхъыщхьэ, Санкт-Петербург и къэрал консерваторэм и доцент, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Голиков Михаилщ. Ар зи унафэщІыр къэралым и оркестр нэхъыфІхэм хабжэ.

Голиковым зэрыжиІэмкІэ, адыгэ макъамэм дихьэхащ «Симфония Кавказа» щэнхабзэ Іуэху иным хэта нэужь. Аращ дунейпсо щэнхабзэм и гъунапкъэщІэхэр къызэІухыным хуэгъэпса, адыгэ макъамэр зи лъабжьэ Іуэхум пищэным маэстрэр тезыгъэгушхуари. Адыгэхэм я академическэ музыкэ щэнхабзэм и щапхъэу къалъыта «Черкесский альбом» зыфІащам хагъэхьар езы Мурат и ІэдакъэщІэкІхэрщ.

CD дискитху хъу «Симфония Кавказа» альбомым хагъэхьащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я цІыхубэ макъамэхэр зи лъабжьэ симфоние, камернэ лэжьыгъэхэр, абы япэу щызэхуахьэсащ XIX лІэщІыгъуэм псэуа урыс композиторхэм я ІэдакъэщІэкІхэр (ди щІыналъэм и макъамэхэр къызыхэщхэр). Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм XX - XXI лІэщІыгъуэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа макъамэхэр. «Лендок» киностудием а макъамэхэр 2016 гъэм щригъэтхащ УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Соколов Сергей. Диск щхьэхуэу къыдагъэкІащ урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и фондым щахъума макъамэхэр. А лэжьыгъэхэр къэзыгъэщІэрэщІэжар звукорежиссёр Андреев Сергейщ.

«Симфония Кавказа» проектыр къыхэзылъхьахэр 2012 гъэм УФ-м литературэмрэ гъуазджэмкІэ и Къэрал саугъэтым и лауреат хъуащ. А Іуэху щхьэпэм папщІэ композитор Къэбэрдокъуэ Муратрэ маэстро Голиков Михаилрэ къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист» щІыхьыцІэр. Апхуэдэу Теувэжыкъуэ Марианнэ къыхуагъэфэщащ «КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

# Зэпеуэр йокІуэкІ

**«Урысейм и Мэкъумэш банкым» ирегъажьэ «Своё Родное» мэкъумэшхэкІхэмкІэ интернетым щиІэ напэкІуэцІыр зезыгъэкІуэну (амбассадор) хуейхэм я зэпеуэ икІи мэкъумэш еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ абы хэтыну кърегъэблагъэ. Къалэн нэхъыщхьэр - ди къэралым къыщыщІагъэкІ мэкъумэш продукцэмрэ ерыскъы узыншэмрэ ипэкІэ гъэкІуэтэнырщ.**

«СВОЁ Родное» экосистемэм и амбассадор хъуфынущ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Абы папщІэ:

- амбассадорым и код щхьэхуэ къызэрепІыхын лъэІу тхыгъэр ебгъэхьын хуейщ;
- зэпеуэм узэрыхагъэхьам щыхьэт письмом упэплъэн хуейщ;
- код къуатамкІэ уи ныбжьэгъухэмрэ уи цІыхугъэхэмрэ уадэгуэшэн хуейщ.

«Урысейм и Мэкъумэш банкым» ди къэралым и щІыналъэ псоми щыІэ мэкъумэшыщІэхэр деІыгъ икІи къыщІагъэкІахэр ящэн папщІэ «Своё Родное» маркетплейсыр пщІэншэу къагъэсэбэпыну Іэмал ирет. ЩэхуакІуэхэм я нэхъыбэу, мэкъумэшхэкІыр зэ къэзыщэхуам, абыхэм сытым дежи я телъхьэ мэхъу. Дэ дыхущІокъу продукт къабзэхэр, ерыскъы узыншэ къэзыгъэсэбэп цІыхухэм я бжыгъэр зэрыхэдгъэхъуэным икІи абы къыхэкІыу амбассадорхэм я зэпеуэр едгъэжьащ. Абы и лэжьэкІэм дыщриплъащ Банкым и Іуэхутхьэбзэр къэзыгъэсэбэпхэмрэ и лэжьакІуэхэмрэ я деж. Ди фІэщ мэхъу иджырей зэпеуэм и фІыгъэкІэ урысей мэкъумэшыщІэхэм тыншу зэрызэпащІэн Іэмалхэм зэрызиужьынур икІи цІыху нэхъыбэр ар къагъэсэбэпын зэрыщІадзэнур», - жиІащ «Урысейм и мэкъумэш банкым» финанс технологиехэм зегъэужьынымкІэ Центрым и унафэщІ Батуровэ Еленэ.

Зэпеуэр фокІадэм и 15-м къыщыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 15 пщІондэ екІуэкІынущ. Абы щытекІуауэ къалъытэнущ «Своё Родное» платформэм нэхъыбэрэ зи кодыр къыщагъэсэбэпахэр.

Зэхьэзэхуэм щытекІуа цІыхуитхум тыгъэ хуащІынущ «Своё За Городом» платформэм къыбгъэдэкІыу Урысейм зыщаплъыхьыну, иджыри тІум «Урысейм и Мэкъумэш банкым» Іэщагъэм зыщыхуагъэсэну Іэмал иратынущ.

*Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ ІэнатІэм епха ІуэхущІапІэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ лъабжьэ быдэщ «Урысейм и Мэкъумэшбанк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ къалъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхухэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ.*

**МЭЗКУУ Къан.**

## Токумаевэ Лейла Зубеир и пхъур

Республикэм и журналистхэм хэщІыныгъэшхуэ ягъуэтащ - дунейм ехыжащ 70 гъэхэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и диктору щыта, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысейм и Журналистхэм я союзым хэта, республикэм и телевиденэм лІэщІыгъуэ ныкъуэкІэ хуэлэжьа Токумаевэ Лейла Зубеир и пхъур.

Ар зэфІэкІышхуэ ябгъэдэлъу ди деж къыщызэщІэрыуа тележурналистхэм ящыщт икІи диктор гъуэзэджэт. Абы и макъ дахэр балъкъэрыбзэкІи урысыбзэкІи махуэ къэс Іурт. Лэжьыгъэм зэрыхуэІэкІуэлъакІуэм е я нэхъыжьыгъэм папщІэ ягъэлъапІэхэр щыІэт, ауэ щыІэщ я цІыхуфІагъым щхьэкІэ псэм пхухэмыхын цІыхухэри. Апхуэдэ гуапагъэшхуэ зыхэлъхэм ящыщт Лейла. ИкъукІэ нэмысыфІэт, бгырыс бзылъхугъэ нэсым зэрыхуэфащэу.



Нобэ ар гуапэу я нэгу щІэтщ пэжыгъэкІэ къыбгъэдэта и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр Токумаевэ Лейла Зубеир и пхъум и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ. Дэ зэи тщыгъупщэнкъым и ІэщІагъэр зи псэу щыта а цІыху къабзэр икІи гуапэр.

## Дунейм щыхъыбархэр

### И къулыкъум трагъэкІащ

**Хабаровск крайм и губернатор Дегтярев Михаил и телеграм-каналым щыжиІащ щІыналъэм и дзэ комиссарыр и къулыкъум зэрытрагъэкІар. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ УФ-м и Президентым къахуигъэува къалэныр, къэралым и цІыхухэр хэхауэ дзэ къулыкъум ираджэжыным теухуа унафэр, гъэзэщІэным ар зыкІи зэран зэрыхуэмыхъуныр.**

ГУБЕРНАТОРЫМ военкомыр и къулыкъум щІытрагъэкІам и щхьэусыгъуэр къигъэлъэгъуакъым. Ауэ хэхауэ дзэ къулыкъум зэрыраджэжыр щІыналъэм зэрыщекІуэкІым и гугъу щищІым, къыхигъэщащ повесткэхэр зыхурагъэхьауэ военкоматым екІуэлІа цІыху мин зыбжанэм и ныкъуэм зэрырагъэзэжар, къэралым и щхьэщыжакІуэ хъунухэр къызэрыхах пщалъэхэм хуэкІуэу зэрыщымытым къыхэкІыу.

«УФ-м и Президентымрэ къэралым ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэмрэ къагъэлъэгъуа пщалъэхэм хуэкІуэ цІыхухэрщ хэхауэ дзэ къулыкъум ираджэжыр. А хабзэхэр зэрагъэзащІэм тІийуэ кІэлъыплъыпхъэщ», - жиІащ Дегтярев Михаил.

### Къулейхэмрэ хуэмыщІахэмрэ

**Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм наІуэ къащІащ улахуэ нэхъыбэ, нэхъ мащІэ щат щІыналъэхэр.**

УРЫСЕЙМ и хэгъэгухэм ящыщу ику иту улахуэ нэхъыбэ къыщахьыр Чукоткэращ - сом мини 139-рэ. Абы къыкІэлъокІуэ Ямало-Ненецкэ автоном округыр (сом мини 135,8-рэ), Камчаткэр (сом мини 127,2-рэ), Ненецкэ автоном округыр (сом мини 123,7-рэ), Москва (сом мини 123,7-рэ).

Ику иту нэхъ мащІэ дыдэ улахуэр къыщахь Шэшэн (сом мин 34,1-рэ), Ингуш (сом мин 34,8-рэ), Къэрэшей-Шэрджэс (сом мин 39-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэр (сом мин 39,1-рэ) республикэхэм, Ивановск областым (сом мин 39,4-рэ).

**Жэпуэгъуэм и 4**, *гъубж*

♦**Псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ-Хьэрш къарухэм я махуэщ**
♦**УФ-м и МЧС-м граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ и дзэхэм я махуэщ**
♦**1986 гъэм** «Іуащхьэмахуэ» лъапэ къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ **Къумахуэ Аслъэн**.
♦**1968 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**.

***Дунейм и щытыкІэнур***

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 5**, *бэрэжьей*

♦**ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ПсэупІэм и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м ЩІэпхъаджащІэхэр къэлъыхъуэным пыщІа и ІэнатІэм и лэжьакІуэм и махуэщ**
♦**Адыгэ Республикэр къызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1948 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыхухьуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.
♦**1950 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэу щыта, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм дзэ хуэІухуэщІэхэмкІэ щІыхь зиІэ и ІэщІагъэлІ **Быж Айтэч**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ДАХ-м и тхьэмадэу 2006 - 2009 гъэхэм лэжьа, республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Дзэмыхь Къасболэт**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ совет волейболисткэ, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа Олимпиадэм чемпионкэ щыхъуа **Ахэмын Еленэ**.

***Дунейм и щытыкІэнур***

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Уи гуащІэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.**

# Сэ сыхуейкъым дыщи мылъкуи, уэ уи жьэгу сыдэмысыжмэ...

**Къэхъун дэт 2-нэ курыт еджапIэм Iэтауэ щекIуэкIащ цIыхубэ усакIуэ, джэгуакIуэ цIэрыIуэ, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан къызэралъхурэ илъэси 140-рэ зэрырикъум теухуа зэIущIэ гуапэ.**






АДЫГЭ лъэпкъ литературэм, гъуазджэм, IуэрыIуатэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, къэралым пщIэ щиIэу, щIыналъэм и цIэр щаIэту псэуа лIы Iумахуэм и гъащIэм къыдэкIуэтей щIэблэм я дежкIэ иIэ мыхьэнэмрэ абы и фэеплъым къуажэдэсхэм пщIэ зэрыхуащIымрэ нэрылъагъуу загъэхьэзырат курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ. ЗэIущIэм кърагъэблэгъат КъБР-м и Парламентым и депутат, КПРФ-м и Аруан район щIыналъэ къудамэм и япэ секретарь **Къардэн Мурадин**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Лъэпкъыбзэхэр джынымкIэ и къудамэм и унафэщI **Мыз Залинэ**, Егъэджэныгъэмкiэ Урысей академием ПсихологиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Сокъур Валерэ**, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, усакIуэ **Джэдгъэф Борис**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Жыласэ Заурбэч**, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Жылэ Анатолэ**, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Дау Марьянэ**, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор **Жырыкъ Заур**, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**, КъБР-м ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь **НафIэдз Мухьэмэд**, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, ПащIэ Бэчмырзэ и музейм и унафэщI **ПащIэ Ленэ**, Аруан щIыналъэ библиотекэм и унафэщI **Молэ Заретэ**, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIащ «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ республикэ академием и егъэджакIуэ **ХьэхъупащIэ Iэминрэ** Амырхъан и къуэрылъхум ипхъу, Къэхъун курыт школ №2-м и унафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Аксанэрэ**.

Сокъур Валерэ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ Амырхъан жиIэжауэ ятхыжа тхыгъэхэр щэ бжыгъэ зэрыхъур, ар егъэлеяуэ гурыхуэу зэрыщытар. «Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ, зэпымычу тегъэщIапIэ ящIыну адыгэм тхыбзэ иIакъым жаIэ щхьэкIэ, ар апхуэдизкIэ лъэпкъыжьщи, къызыдэмыгъуэгурыкIуа цивилизацэрэ къэралышхуэрэ щыIэкъым. Тхыбзэ яхузэмыгъэпэщынуратэкъым адыгэм, атIэ ар зэрагъащIэу я щIэныгъэмкIэ адрейхэм ядэмыгуэшэнурат. ЕтIуанэрауэ, тхыгъэр псыдзэм ихьынкIэ, мафIэм исынкIэ мэхъу, ауэ гукIэ зэбгъащIэр зэи кIуэдыжынукъым. Мис абы иригъуэзауэ къысщохъу ХьэхъупащIэ Амырхъани. Адрей лъэпкъхэм апхуэдэхэр ягъэхьэзыру щытамэ, Амырхъан гурыхуэу къалъхуат. Мыбы дэ къытхуигъэна щIэиным и кууагъымрэ и беягъымрэ иджыри къыдгурыIуакъым, ди щIэныгъэкIи дынэсакъым. Амырхъан и щIэиныр иджыри куэдрэ къызэрытIэпIыкIынущ», - жиIащ Валерэ.





Мыз Залинэ къыхигъэщащ ХьэхъупащIэм и къалэмым сабий лIакъуэ зыбжанэ зэрыщIапIыкIар, иджыри абы и псалъэм зэригъуазэр, лъэпкъ литературэм, гъуазджэм, IуэрыIуатэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIар.

- Нобэ ХьэхъупащIэ Амырхъан и тхыгъэхэр пэщIэдзэ классхэм къыщыщIэдзауэ 11-нэ классым щIэсхэм нэс ядж, уеблэмэ сабий гъэсапIэм екIуалIэ цIыкIухэми ирагъащIэ абы и IэдакъэщIэкI усэхэр. Иджыпсту министерствэм игъэхьэзыр тхылъыщIэхэми итщ и тхыгъэхэр. Амырхъан зыхуэлэжьар лъэпкъырщ, - игъэбелджылащ Залинэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIэжащ ХьэхъупащIэ Амырхъан бгъэдэлъа зэчийм и кууагъымрэ абы и къуэ Хьэсэн и зэфIэкIым къэрал куэдым ис адыгэр зэригъэгушхуамрэ. Хьэсэн и къуэм и къуэж Амырхъани хэхэс адыгэхэми хэкурысхэми ягу зэрыдыхьэр къыхигъэщащ. Мухьэмэд школ библиотекэм тыгъэ хуищIащ и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэр, еджакIуэхэм къахуэщхьэпэну тхыгъэхэр щызэхуэхьэсахэр.

Жыласэ Заурбэч и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ Амырхъан ХьэхъупащIэ лъэпкъым, Къэхъун къуажэм я мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэрал псом я дежкIэ лъапIэу зэрыщытар икIи къыхилъхьащ ар щыпсэуа лъапсэм музей щаухуэну и чэзу зэрыхъуар. АбыкIэ къуажэ, район администрацэхэри, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэри, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэри зэдэлажьэмэ, зэрахузэфIэкIынур жиIащ.

Къардэн Мурадин фIыщIэ яхуищIащ лъэпкъым и пщIэр иIэту псэуа, ноби зи зэфIэкIым дригушхуэ лIым теухуа зэIущIэр зыгъэхьэзырахэм икIи КПРФ-м къыбгъэдэкIыу фIыщIэ тхылъкIэ хуэупсащ Къэхъун дэт 2-нэ курыт школым и унафэщI Джатокъуэ Риммэ, абы и къуэдзэ Къардэн Аксанэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Шыбзыхъуэ Хъамсинэ сымэ.

Апхуэдэу Дау Марьянэ КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм къабгъэдэкI ЩIыхь тхылъ яритащ егъэджакIуэхэу ХьэхъупащIэхэ Iэминрэ Аксанэрэ, щIэблэр гъэсэным, егъэджэным хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ.

Амырхъан акъылыфIэу, гурыхуэу, лъэныкъуэ куэдкIэ зэчий бгъэдэлъу зэрыщытам и гугъу ящI езыгъэкIуэкIахэми къэпсэлъахэми. ЗэIущIэм ХьэхъупащIэм и усэхэм къыщеджащ Къэхъун дэт школхэм я еджакIуэхэр.

А махуэр ягъэдэхащ «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ гупым, Нартан къикIа уэрэджыIакIуэхэм, пшынауэхэу Джатокъуэ зэкъуэшхэм, «Дыгъэ шыр» къэфакIуэ ансамблым (зыгъасэр ХьэхъупащIэ Заурщ). КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, ХьэхъупащIэ Амырхъан и къуэрылъхум и къуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан шыкIэпшынэм кърригъэкI макъамэр щIэту къызэхуэсахэм и адэшхуэм и уэрэд яжриIащ. Мы щIалэм и щапхъэмкIэ болъагъу «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» - жыхуиIэ адыгэ псалъэжьым и мыхьэнэр. Амырхъан дадэм и зэчийр и адэм къыбгъэдэкIауэ яIуатэ, ари жьэ нахуэу, гурыхуэу, хъыбаркIэ Iэзэу щытауэ жаIэж. Абы и хьэл зыхэлъа езы Амырхъан и творчествэр нобэми куущ икIи гъунэншэщ. Амырхъан и къуэ Хьэсэн хуэдэу шыкIэпшынэр зыгъэбзэрабзэрэ уэрэдыжьхэр макъ дахэкIэ жызыIэрэ диIакъым, абы и къуэ ДжэбрэIил и къуэж Амырхъан иджыпсту адыгэ утыкур егъэбжьыфIэ, адыгэ IуэрыIуатэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хузэфIэкI хилъхьэу. Арагъэнщ лъэпкъ беягъэкIэ зэджэжри, лъэужь дахэм и щапхъэри.

ХьэхъупащIэ Амырхъан и IуэхукIэ школым щрагъэжьа гуфIэгъуэ зэхыхьэр къуажэдэсым даIыгъыу, етIуанэ махуэми нэгузыужь зэхыхьэхэр екIуэкIащ. Къэхъун дэлъэдапIэм и губгъуэм щрагъэувэкIат къуажэм дэс лъэпкъхэм я пщIантIэ зэпэщхэр. ХьэхъупащIэхэ къызэIуах а губгъуэ куэщIым щыплъагъурт Шыбзыхъуэхэ, Тамбийхэ, Езийхэ, Понэжхэ, Жамборэхэ, КIэшхэ, НэщIэпыджэхэ, Къуэшыхэ, Къандэхъухэ, Къарэхэ, Къуэкъуейхэ, Едгъулхэ, НэгъэцIухэ я пщIантIэ зэIухахэр. Щхьэусыгъуэкiэ а махуэм къримыхьэлIэфа лъэпкъхэр щыIэми, хьэщIэхэми къуажэдэсхэми ялъэгъуащ адыгэр хьэщIэхуэфIу, и Iэнэр берычэту, и жьэгур зэщIэблэу, и нэхъыжьхэр я жьантIэрэ нэхъыщIэхэр жыджэру зэрыпсэуфыр.

Къэхъундэсхэм иджыри зэ ягъэлъэгъуащ къуажэм къыдэкIа лъэпкъылI нэсым и фэеплъыр я напщIэ зэрытелъымрэ зылI и быну зэрызэкъуэувэфымрэ. Щхьэж и жумартагъымрэ хьэлэлагъымрэ зытеплъагъуэ Iэнэ узэдахэм хьэщIэхэр кърагъэблагъэрт, лъэпкъхэр зэлъихьэурэ щыхъуахъуэрт, фIым, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм щIэлъэIурт. Махуэр ягъэдэхащ ХьэхъупIащIэхэ къызэрагъэпэща утыкум ита, Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Дэгу Каринэ, КъуэщIысокъуэ Роксанэ, ЦокIыл Азэмэт, Бэч Азэмэт, Гуазэ Тимур, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, ХьэхъупащIэ Амырхъан сымэ, ХьэхъупащIэ Заур игъасэ «Дыгъэ шыр» къэфакIуэ ансамблым. ЦIыпIынэ Идар адыгэ джэгукIэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм заригъэтIыжащ.

А махуэм цIыхубэм я нэр къыхуикIыу щIызэхуэса шыгъажэр шэджагъуэхуэкIуэу яублащ. Республикэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа щIалэхэм я жыджэрагъымрэ абыхэм шыIумпIэр Iэрыхуэу зэраIыгъымрэ еплъыну къызэхуэса цIыхур губгъуэм изт. Шыхэр зэдрагъэлъыурэ пщIэнейрэ къызэдэжащ щIалэгъуалэр.





Апхуэдэу гурыфIыгъуэр, гуапагъэр, гумащIагъэр, дэрэжэгъуэр, зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр щытепщэу ирагъэкIуэкIащ къуажэдэсхэм ХьэхъупащIэ Амырхъан къызэралъхурэ илъэсищэрэ плIыщIрэ зэрырикъур. «Сэ сыхуейкъым дыщи мылъкуи, уэ уи жьэгу сыдэмысыжмэ», - щыжеIэ абы и усэхэм ящыщ зым. Хэкум, къуажэм, лъэпкъым и жьэгум и лъапIагъыр гурыIуэгъуафIэу къэзыIуэта усакIуэм и псалъэхэр ноби и гъуазэщ ар къызыдэкIа Къэхъун жылэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**, *Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*

*Сурэтхэр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*










# «Хытхьэрыкъуэхэм» бжьыпэр IэщIалъхьэ

**«Чайка» (Песчанокопскэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (2:0). Песчанокопскэ. Чайкэ И. и цIэр зезыхьэ стадион. Жэпуэгъуэм и 2-м. ЦIыху 742-рэ еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Шипков (Белореченск), Охрименкэ (Мейкъуапэ), Пичугин (Ставрополь).

***«Чайка»:*** Аверкиев, Синяк, Детенышев, Волков, Ивашин, Смирнов (Зарыпбеков, 57), Гыстаров, Колмаков (Коломийцев, 81), Орлов (Хохлачёв, 46), Садов (Квеквескири, 57), Востриков (Колдунов, 72).

***«Спартак-Налшык»:*** Мицаев, Мэкъуауэ (КIэдыкIуей, 76), Белоусов, Далиев, Лелюкаев, ХъутIэ (Топурие, 55), Дэхъу, Масленников, Торосян (Жангуразов, 55), Черткоев, Ашуев (ЛIуп, 75).

***Топхэр дигъэкIащ:*** Востриковым, 4 (1:0). Садовым, 40 (2:0). Востриковым, 48 (3:0). КIэдыкIуейм 87-пенальтикIэ (3:1).

***Дагъуэ къыхуащIащ*** Дэхъумрэ Масленниковымрэ.

МЫГЪЭРЕЙ «Спартак-Налшыкыр» иужь илъэсхэм зытет мардэм къытекIыркъым. Мис иджы я Iуэхур зэтоувэ щыжытIэм, Iэмал имыIэу къызэIащIэж. НэгъуэщIу щIэх щытынуи фIэщщIыгъуейщ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм щыIэ зэхьэзэхуэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьам зэпеуэр нэхъ гъэщIэгъуэн ищIыну дыпэплъа щхьэкIэ «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ псори зэрыщыту къэнэжа хуэдэщ. Армырамэ дауэ къызэрыбгурыIуэнур джэгугъуэ пщыкIузым яужькIэ ди щIалэхэр еянэ увыпIэм зэрыфIэмыкIыфыр. Яужь къитыр командих къудейщ икIи абдежым къыщынэмэ зэпеуэм и япэ Iыхьэм еханэ увыпIэр нэхъ мыхъуми щамыубыдыфмэ, адэкIэ зэныкъуэкъунур къыкIэрыхухэращи, армырами стадионым къекIуалIэ цIыху мащIэ дыдэри кIэрыхужынущ.

ЕтIуанэ дивизионым и Япэ гупым щыпашэхэм ящыщ «Чайка»-м ди щIалэхэр вэсэмахуэ Песчанокопскэм зэрыщыпэмылъэщынур, дауи, тщIэрт. АрщхьэкIэ, сыт щыгъуи хуэдэу, гугъэ гуэрхэр аддэ жыжьэу гущIэм щыдгъэпщкIуат. Джэгум щIидзэри дакъикъиплIи дэкIатэкъым, ахэр псори къыщызэтещэщэжам. Хэгъэрейхэм я гъуащхьауэ Садовыр зэуа топым Мицаевым ерагъкIэ кърigъэгъэзащ, ауэ абы япэу нэса Востриковым налшыкдэсхэм гугъэ лъэпкъи къахуигъэнакъым. Ардыдэм мыгувэу бжыгъэр игъэбэгъуэфынут: ди гъуащхьэхъумэр Iэзэу лъэныкъуэ иригъэзри, ар лъэщу къеуащ. Сантиметр зыбжанэщ гъуэр хигъэщIэным къыхуэнэжатэр.

33-нэ дакъикъэм Смирновыр метр 30 хуэдизкIэ пэжыжьэу ди гъуэм къеуащ. «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтетыр абы пэплъэхатэкъым икIи, хуэзатэмэ, бжыгъэр нэхъыбэж хъунут. АрщхьэкIэ ар къыщыхъуар тIэкIу нэхъ иужькIэщ. Садовыр жыжьэу щыту апхуэдизу Iэзэу икIи лъэщу топыр къиутIыпщати, къыхуегъэгъэзэнкIэ зы Iэмали щыIэтэкъым - 0:2.

Загъэпсэхуауэ къихьэжа песчанокопскэдэсхэм джэгум и етIуанэ Iыхьэри жыджэру къыщIадзащ. 48-нэ дакъикъэм абыхэм бжыгъэр 3:0-м нагъэсащ икIи гурыIуэгъуэ хъуащ «Чайка»-м текIуэныгъэр зэриIэрылъхьэр.

Джэгум и иужь дакъикъэхэм «Спартак-Налшыкым» зы топ закъуэ дигъэкIыну хузэфIэкIащ. АрщхьэкIэ абы мыхьэнэ лъэпкъ иIэжтэкъым.

Зи чэзу текIуэныгъэм иужькIэ Песчанокопскэм и «хытхьэрыкъуэхэм» зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ. Абыхэм кърагъэкIуэтэхащ Дон Iус Ростов щыIэу щIыпIэ СКА-м къыхигъэщIа Волгоград и «Ротор»-р.

Нобэрей «Спартак-Налшыкыр», дауи, пашэхэм куэдкIэ къакIэроху икIи и плъапIэ нэхъыщхьэр командэ нэхъыфIихым яхэхуэнырщ, зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэ зытемыукIытыхьын хьэрхуэрэгъу нэхъыфIыIуэхэр иIэн папщIэ. ЗэкIэ Биджиев Хьэсэнбий и гъэсэнхэм ари яхузэфIэкIыркъым. ЯхузэфIэкIынуи фIэщщIыгъуейщ я гъуэр апхуэдэу фIэкIа яхуэмыхъумэнумэ - Владикавказ и «Алания-2»-м фIэкIа дыдейхэм нэхърэ топ нэхъыбэ зыхудагъэкIа зэхьэзэхуэм хэткъым. Абы и зэранкIэ псыхэкIуадэ мэхъур адрейхэм я гугъехьри, псом хуэмыдэу зи хьэрхуэрэгъухэм куэдрэ я жагъуэ зыщI (зэIущIэ къэс ику иту тIорытIэ) ди гъуащхьауэхэм.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и адрей зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - «**Форте**» (Таганрог) - **0:1**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Алания-2**» (Владикавказ) - **1:1**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:1**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Ротор**» (Волгоград) - **1:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **0:1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Жэпуэгъуэм и 8-м абы кърегъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм иужь дыдэ увыпIэр щызыIыгъ «ЕсэнтIыгур».

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Чайка» | 11 | 8 | 2 | 1 | 18-3 | 26 |
| 2. «Ротор» | 11 | 7 | 2 | 2 | 24-10 | 23 |
| 3. «Черноморец» | 10 | 6 | 3 | 1 | 15-8 | 21 |
| 4. «Биолог-Новокубанск» | 11 | 6 | 3 | 2 | 15-10 | 21 |
| 5. «Кубань-Холдинг» | 11 | 7 | 0 | 4 | 17-17 | 21 |
| 6. СКА | 11 | 4 | 5 | 2 | 12-9 | 17 |
| 7. «Форте» | 11 | 4 | 4 | 3 | 15-12 | 16 |
| 8. «Спартак-Налшык» | 11 | 4 | 3 | 4 | 21-18 | 15 |
| 9. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 11 | 3 | 4 | 4 | 14-16 | 13 |
| 10. «Дружба» | 11 | 2 | 3 | 6 | 12-15 | 9 |
| 11. «Динамо-Ставрополь» | 11 | 1 | 5 | 5 | 9-14 | 8 |
| 12. «Легион» | 10 | 1 | 3 | 6 | 19-12 | 6 |
| 13. «Алания- 2» | 11 | 1 | 3 | 7 | 8-24 | 6 |
| 14. «ЕсэнтIыгу» | 11 | 1 | 2 | 8 | 5-17 | 5 |

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**ТЕЛЕФОНХЭР:**

**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.736**
**Заказыр №1993**
12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**

**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.).*

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**